

Epidemi Covid-19 (Kowonaviris) : Habitat-Cité ap adapte epi reoryente aktivite li yo Lafrans ak nan lot peyi etranje

A kòz kriz sanite aktyel lan, Habitat-cité fèmen tout aktivite kolektif li yo an Ildefrans : pèmanans, kou franse, fòmasyon. Toutfwa, ekip Habitat-cité a ap kontinye akompanye moun ki nan sitiyasyon prekarite.

Pifo rendez-vous endividyal pou kesyon aksè a dwa moun ap kontinye fèt pa telefòn. Nap deplase sòf pou rendez-vous ijan oubyen vizit kote nou oblije sou plas. Nap jwen plis enfòmasyon sou sitiyasyon sa (prevansyon, konpotman nou dwe genyen si nou santi nou gen maladi a, atestasyon pou soti, elatriye) disponib sou paj [Facebook Habitat-cité](#) a, an franse, rus ak woumen . Nou fè yon lis strikti ki kontinye aksepte sanzabri ak migran. Nap aktyalize lis sa, e lap toujou disponib sou paj entènèt nou an, habitat-cite.org.

Pou linstan, nap repote tout aktivite solidarite entanasyonal ke Habitat-cité genyen Ayiti, Salvadò ak Repiblik Dominikèn, tout deplansman ak aktivite kolektif nou yo (chantye, fòmasyon). Habitat-cité ak kolaboratè li yo ap cheche yon moyen pou nou mete yon dispozitif prevansyon ak enfòmasyon an plas. Nou vle kontinye akompanye popilasyon ki pi vilnerab yo, paske yo ka tounen victim prensipal kriz nap vi lan.